

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu aya dina bab IV, dina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh dilarapkeunana modél pangajaran *Field Trip* kaasup can mampuh lantaran peunteun rata-ratana nya éta (57,78) di handapeun KKM. Katitén yén tina jumlah 36 siswa atawa 100%, siswa anu geus dianggap mampuh nulis laporan sarta meunangkeun peunteun ≥ 75 nya éta opat siswa atawa 11,11%, sedengkeun sésana 32 siswa atawa 88,89% dianggap can mampuh nulis laporan lantaran skorna kurang ti KKM. Dumasar kana aspék-aspékna, kamampuh nulis laporan dina aspék éjahan sedeng (2,76); adegan basana sedeng (2,76); eusina sedeng (3,10); jeung struktur eusina sedeng (2,93).
- b. Kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 sabada dilarapkeunana modél pangajaran *Field Trip* geus mampuh nulis laporan lantaran peunteun rata-ratana geus ngahontal KKM anu geus ditangtukeun, nya éta 80,83. Katitén yén tina jumlah 36 siswa atawa 100%, siswa anu geus dianggap mampuh nulis laporan sarta meunangkeun peunteun ≥ 75 nya éta 31 siswa atawa 86,11%, sedengkeun sésana lima siswa atawa 13,89% dianggap can mampuh nulis laporan lantaran skorna kurang ti KKM. Dumasar kana aspék-aspékna, kamampuh nulis laporan dina aspék éjahanna kagolong kana hadé (3,82); adegan basana kagolong kana hadé (3,81); eusina kagolong kana hadé (4,42); jeung struktur eusina kagolong kana hadé (4,13).
- c. Aya béda anu signifikan tina hasil kamampuh nulis laporan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Field Trip*. Katitén tina uji hipotésis ngahasilkeun data t_{itung} nya éta (21,14) $>$ $t_{tabél}$ (2,42). Hartina modél

pangajaran *Field Trip* cocog dina pangajaran nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun jaran 2016/2017.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Field Trip* digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan. Dilarapkeuna modél *Field Trip* meunang réspon anu positip boh ti guru boh ti siswa. Ieu hal téh dilantarankeun dina prak-prakan ngalarapkeun modél *Field Trip* anu matak ngirut jeung pikaresepeun pikeun siswa, ogé lantaran ieu modél pangajaran téh miboga poténsi pikeun siswa diajar mikir kritis, wani ngébréhkeun naon-naon anu aya dina pikiranana, kréatif, jeung mantuan siswa ningkatkeun imajinasi dina diajar, ogé ngaronjatkeun pangalamanna. Lantaran dina prosés diajar ku cara ngayakeun lalampahan ka hiji tempat pikeun ngalakukeun kagiatan *stimulus* dina diri siswa sangkan leuwih gampang maham matéri pangajaran nulis laporan kalayan suasana anu teu matak pikaboseneun.

5.3 Rékomendasi

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha rékomendasi anu baris ditepikeun, nya éta saperti ieu di handap:

a. Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Modél pangajaran *Field Trip* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan. Jadi, dipiharep modél pangajaran *Field Trip* bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran basa Sunda utamana dina nulis laporan, kusabab dumasar kana hasil panalungtikan katitén yén modél pangajaran *Field Trip* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan.

b. Pikeun Guru

Upamana guru rék maké modél pangajaran *Field Trip* dina pangajaran nulis laporan, aya sababara hal anu kudu diperhatikeun nalika ngagunakeun modél *Field Trip* nya éta waragad, waktu, tempat anu stratégis, jeung ayana pangaping séjén anu mantuan dina prak-prakanna karya wisata.